

Èske w se yon
chofè Komisyon
Taksi ak Limouzin
(Taxi & Limousine
Commission,
TLC)?

Èske w gen
difikilte
pou w peye
bòdwo ou?

Èske w santi
w strese?

Ou gen posibilite.
Vil la kapab ede w.

Gade dèyè a pou w jwenn plis detay.



Financial
Empowerment
Center
Free One-on-One
Financial Counseling

Thrive
NYC



Pran konsèy finansye GRATIS nan yon Sant Vil New York pou Otonomi Finansye (Financial Empowerment Center).



Èske w strese akòz lajan? Èske w pa gen mwayen pou w peye prè ou oswa pou w jwenn yon fason pou refinance? Èske w ap reflechi pou wè si w ta deklare fayit? Rankontre fas-a-fas ak yon konseye finansye pwofesyonèl pou:

- Egzamine kredi ou, prè, bòdwo, ak lòt dèt ou
- Amelyore nòt kredi w
- Konprann kijan pou w kenbe depans pou biznis ou apa
- Ede w konprann posibilite ou genyen epi ede w nan rive objektif finansye ou

Konsèy finansye a gratis ak konfidansyèl, li disponib nan plizyè lang, ak nan kote toupatou nan vil la.

Pran yon randevou jodi a menm:

Rele **311** epi di
“Financial Empowerment Center
(Sant pou Otonomi Finansye)”

Ale nan
nyc.gov/dca

Tekste mo* **TalkMoney** nan **42033**
*Li posib ou gen pou peye tarif pou mesaj ak done.
Verifye sa ak founisè sèvis ou.

Sant Vil New York pou Otonomi Finansye yo pa kapab ofri prè ni bay lajan pou refinance.

Pa lite poukont ou. NYC Well la pou koute w ak ede w pou pwoblèm tankou estrès, depresyon ak anksyete.



Konseye NYC Well yo la pou bay èd nenpòt lè lajounen oswa lannwit. Apèl yo gratis ak konfidansyèl, epi èd la disponib nan plis pase 200 lang.

Ou ka pran kontak pou tèt pa w oswa pou yon moun pwòch ou:

Rele **1-888-NYC WELL** | Tekste mo **WELL** nan **65173** | Tchat nan **nyc.gov/nycwell**

ActionNYC founi egzamen jiridik pou imigrasyon ki san danje, gratis, nan kominote w, nan pwòp lang ou.



Pran èd nan men yon avoka ki gen eksperyans oswa yon reprezantan akredite pou anpil kalite dosye, tankou:

- Sitwayènte
- Aksyon Difere pou Moun ki te vini kòm Timoun (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA)
- Aplikasyon ak renouvèlman grinkat (green card)
- Estati Tanporè Pwoteje (Temporary Protected Status, TPS) ak plis toujou!

Kote ki gen ActionNYC yo gen ladan sèten òganizasyon kominotè, lekòl ak etablisman swen sante toupatou nan vil la.

Jwenn plis enfòmasyon:

Rele **1-800-354-0365**
(Lendi jiska vandredi, soti 9 a.m.
rive 6 p.m.)

Rele **311** epi di
“ActionNYC”

Al gade nan
nyc.gov/actionnyc



Taxi and Limousine
Commission

Consumer
Affairs

Health

Mayor's Office of
Immigrant Affairs